

LYNN PUBLIC SCHOOLS

James Leo McGuinness Biding Administrasyon – 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
Tel. (781) 477-7220 ~ Faks. (781) 477-7312



POU: **Paran/Responsab**

MOUN KI FÈ L: **Lynn Public Schools**

DAT: **13 Novanm 2020**

SIJÈ: **Pèsonèl Lynn Public Schools la gendwa anrejistre
odyo/videyo leson yo oswa fè foto yo**

Detanzantan pandan ansèyman a distans, pèsonèl Lynn Public Schools la gendwa anrejistre odyo/videyo leson yo nan objektif fòmasyon pwofesè yo, antrènman pwofesyonèl, oswa evalyasyon anseyan yo. Pou menm rezon yo, pèsonèl Lynn Public Schools la gendwa fè foto oubyen kapti ekran pandan leson a distans yo.

Pa gen yon grenn elèv ki pral pwen santral okenn anrejistreman konsa, epi yo pap gen ladan yo okenn enfòmasyon sou elèv ki ka idantifye yo oubyen ki konfidansyèl.

Nenpòt anrejistreman, foto, oubyen kapti ekran konsa pral sèvi pou objektif edikatif sèlman, e nou pap pataje yo sof pa mwayen sistèm ki pou pèsonèl Lynn Public Schools ki aksede l avèk yon modpas.

Si w gen nenpòt kesyon, enkyetid, oubyen objeksyon parapò ak sa n sot di yo, tanpri, fè direktè lekòl la konn sa.